



Pou Piblikasyon Imedya: 12/06/2015

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE 26 PWOPRIYETE KI NOMINE POU RANTRE NAN REJIS PLAS ISTORIK ONIVO NASYONAL AK ETA

Gouvènè Cuomo jodia te anonse Komisyon Konsèy Eta New York pou Prezèvasyon Istorik te rekòmande 26 pwopriyete adisyonèl, resous ak distri yo nan Eta ak rejis nasyonal plas istorik yo. Nominasyon yo reflekte anplè istwa New York, soti nan youn nan dènye pak pwomnad atraksyon ki te rete nan ekspozisyon mondyal New York 1964-65 nan Queens, pou rive nan sit konba segregasyon lekòl 1943 nan Konte Rockland.

“New York gen yon eritaj rich, ak evènman enpòtan nan istwa eta sa a e peyi sa a te parèt pratikman nan chak kwen l,” Gouvènè Cuomo te deklare. “Lè nou mete sit sa yo nan Rejis Nasyonal Plas Istorik, nou ka asire ke yo pral prezève yo e Nouyòkè ansanm avèk vizitè yo pral jwi yo pou ane kap vini yo.”

Komisyonè Biwo Park Eta, Rekreyasyon ak Prezèvasyon Istorik Rose Harvey te deklare, “Sit sa yo se rapèl fizik nan etandi enkwayab vizyon achitekti, atizana, inovasyon ak istwa toupatou nan Eta New York. Enskripsyon moniman sa yo pral ba yo rekonesans ak sipò yo merite.”

Lis rejis nasyonal ak eta kapab ede mèt pwopriyete yo nan modènize bilding yo, fè yo elijib pou plizyè pwogram prezèvasyon piblik ak sèvis tankou mache sibvansyon eta ak kredi taks pou reyabilitasyon istorik onivo federal ak eta. Estimile pa kredi taks reyabilitasyon istorik komèsyal federal ak eta te administre pa Biwo Prezèvasyon Istorik Eta, devlopè yo te investi \$500 milya dola nan tout eta nan 2014 pou renove pwopriyete yo ki te liste nan rejis nasyonal plas istorik yo. Mèt kay yo ap itilize kredi taks pou reyabilitasyon istorik yo te investi plis pase \$9.8 milyon dola nan tout eta nan amelyorasyon kay pou ede renove katye istorik yo.

Rejis nasyonal ak Eta a se lis ofisyèl bilding, estrikti, distri, peyizaj, objè ak sit enpòtan nan istwa, achitekti, akeyoloji ak kilti Eta New York ak peyi a. Gen plis pase 120,000 bilding istorik, estrikti ak sit toupatou nan eta ki liste nan rejis nasyonal plas istorik, endividyèlman oswa tankou konpozan nan distri istorik yo. Mèt pwopriyete yo,

minisipalite ak òganizasyon nan kominote toupatou nan eta a te pwomote nominasyon yo.

Yon fwa ofisye prezèvasyon istorik eta a apwouve rekòmandasyon yo, pwopriyete yo liste nan Rejis Plas Istorik Eta New York la e apres a yo nomine nan rejis nasyonal plas istorik la, kote yo revize yo, epi yon fwa yo apwouve, yo rantre nan rejis nasyonal la. W ap jwenn plis enfòmasyon sou nominasyon yo sou [sitwèb](#) Office of Parks, Recreation and Historic Preservation.

Konte Broome

Endicott-Johnson Medical Clinic, Binghamton – Konpayi Endicott-Johnson sou lidèchip George F. Johnson te bati Lopital 1928 la, pou sèvi anplwaye li yo, yon figi patènalis ki te inisyè pwòp mak filantwopi l pou bay pi bon kondisyon travay pou anplwaye yo, asimile imigran yo nan sosyete Ameriken an epi ankouraje valè sitwayen tradisyonèl “ideyal” Ameriken.

Lithuanian National Association Hall, Binghamton – Konstwi nan ane 1917, bilding nan se sant aktivite ki pi enpòtan pou kominote imigran solid Lithuanian ak dinamik Binghamton ansanm avèk desandan yo pou preske 50 ane.

Konte Dutchess

Walter Beckwith House, Stanford – Pwopriyete a reflekte siksè fèmme letye Walter Beckwith, ki, nan ane 1876, bati yon dezyèm modèl kay Anpi enpresyonan avèk yon zòn estasyonman pou charyo cheval.

Konte Erie

Distri Istorik East Hill, Springville – te kòmanse avèk konstriksyon yon kay renesans Grèk nan 154 East Main Street vè 1835, achitekti rezidansyèl distri a montre preske 100 ane kwasans vilaj la.

Legliz Ótodòks Sen Pyè ak Sen Pòl, Buffalo – ki te fèt nan 1932 nan modèl renesans Byzantine, legliz la te bati apre revolisyon Bòlchevik ki te konfle kantite imigran ki tap sove kite Larisi pou pratike relijyon yo libremman nan Etazini, presipite bezwen pou yon pi gwo espas adorasyon nan Buffalo.

Konpayi Radyatè Ameriken Konplèks Faktori, Buffalo – Devlope ant 1891 ak 1939, etablisman manifakti ak rechèch la te mennen nan avansman teknoloji chofaj-vapè nan kad yon mouvman pou pi bon sante ak sekirite, solisyon rechanj ki pi rantab a chabon.

Konte Essex

Uplands, Keene Valley – Echèl enpresyonan ak gwo enpak egzanp achitekti sezonye

kan Adirondack te erije de faz prensipal ant 1910 ak 1925.

Konte Herkimer

Rice-Dodge-Burgess Farm, Winfield – Fèm nan gen ladan yon kay koloni an wòch (1830); grang a pan an bwa (premye-mwatye 19yèm syèk.); kay lafimen anwòch (premye-mwatye 19yèm syèk.); ti simityè familyal (date de 1827); baraj anwòch, letan moulen, ak win moulen (ant 1815-1830); ak chan agrikòl ki te kiltive depi omwen ane 1820 yo.

Konte Monroe

Distri Istorik Park Eta, Brockport – distri a reflekte achitekti ak devlopman sosyal vilaj la nan ane 1820-1930, kòmanse nan epòk lè Brockport te yon vilaj ki tap grandi, kay kote antrepriz komèsyal ak endistriyèl tap pwospere, anglobe epòk chemendefè, e finalman chanjman oryantasyonvilaj la de komès ak endistri a edikasyon.

Chili-West Historic District, Rochester – Kreyasyon yon katye rezidansyèl entak te deklanche pa yon seri kwasans nan konstriksyon, e apeprè nan ane 1935 li te bati konplètman e li te atenn karakteristik yon katye iben ki aksesib pou otomobil ak machin nan lari.

Distri Istorik Sibley 19th Ward, Rochester – Enpòtans Distri Istorik Sibley an gran pati akòz rezèv lojman kay istorik li ki egziste toujou nan renesans kolonyal, American Foursquare, Atizanal ak modèl renesans Tudor, ki fè zòn nan gen yon apèsi vityèl nan devlopman diz-nevzyèm ward nan kòmansman 20yèm syèk.

Konte New York

Westside Unitarian Church/Congregation Ramath Orah, New York – Bilding relijye a asosye avèk de òganizasyon relijyon enpòtan ki lokalize istorikman nan Morningside Heights: Sosyete Kongregasyon Inite nan Vil New York, ki te konstwi bilding lan nan 1921-22, ansanm avèk Kongregasyon Ramath Orah, yon kongregasyon jwif òtodòks modèn ki konpoze de imigran ki te soti Luxembourg pandan Dezyèm Gè mondyal epi achte bilding lan nan ane 1942.

Konte Oneida

Konpayi Globe Woolen Mills, Utica – Youn nan izin moulen lenn konplèks ki pi entak toujou nan vil la nan fonksyonman apati 1873 a 1953, lè manifakti twal la te yon biznis dominan nan Utica.

Konte Ontario

Konplèks Legliz St. Francis De Sales, Geneva – Konplèks la gen ladan kat bilding istorik, kòmanse avèk legliz li, ki date de 1864, e li gen ladan presbitè 1868, lekòl 1874

(elaji an 1909) e kouvan 1874 montre kwasans rapid ak enpòtan nan Kominote Legliz katolik women nan Geneva.

Konte Orange

Cottage in the Pines, Deer Park – Bati nan 1895, egzanj entak disparisyon yon pansyon vènakilè montay Shawangunk, ki te bay lojman mwen chè pase otèl oswa rezòt.

Konte Orleans

Distri Istorik Vilaj Holley, Holley – 37 pwopriyete distri a ki fòme nwayo enstitisyonèl ak komèsyal vilaj la jan li devlope de 1822 a 1931; li te bati nan yon plan lari distenktif ki te oryante nan aliyman iregilye jan li te kouvri Sandy Creek.

Konte Queens

1964-65 New York World's Fair Carousel, Queens – Yon konbinezon de kawousèl istorik Coney Island, li prezante pòtre yon Lyon an bwa, de charyo, ak swasant onz chwal e li se youn nan ra pak pwomnad lwazi ki asosye avèk Fwa Inivèsèl anblemantik New York 1964-1965.

Konte Richmond

Simityè Sylvan, Staten Island – Depi premye antèman I nan ane 1795, simityè a se plas repo final pou anpil fanmi enpòtan ki non sèlman te ede pou devlope katye Travis, men Staten Island kòm yon antye.

Konte Rockland

Main School, Hillburn – Lekòl la enpòtan kòm sant yon batay dezegregasyon eskolè nan 1943, lè yon kowalisyon paran nwa te rejwenn NAACP pou genyen avèk siksè admisyon elèv nwa nan nouvo etablisman lekòl ki renove a kote yo te ekskli yo.

Konte St Lawrence

Konplèks Premye Legliz Presbiteryen, Gouverneur – te fini nan 1893, legliz enpozan an se reprezantan nan modèl retablisman women ki te konstwi avèk mab ekstrè lokal Gouverneur, yon wòch rejyonal ke yo rekonèt pou gran kalite ak dirabilite l.

Konte Schenectady

Horace Mann School, Schenectady – Lekòl la te bati nan ane 1908 nan katye Hamilton Hill nan vil la nan kad yon kanpay agresif bilding pou akeyi yon kantite enskripsyon elèv nan lekòl piblik yo.

Lekòl St. Columbia, Schenectady – Lekòl pawasyal 1923 a te sèvi kòm yon fòs ini pou popilasyon Katolik Ilandè, gwoup imigran ki pi ansyen, ki te dispèse nan ane 1920 yo toupatou nan vil la.

Konte Suffolk

Bibliyotèk Babylon, Babylon –Bibliyotèk retablisman modèl Neo-klasik te bati nan 1911, reflekte yon tandans nasyonal nan etabli bibliyotèk nan vilaj ak bouk ki pi piti yo nan tout Etazini nan fen 19yèm ak nan kòmansman 20yèm syèk.

Daniel ak Henry P. Tuthill Farm, Jamesport – Fanmi fèm istorik la gen ladan yon retablisman kay fèm (1840) granj (1877), yon granj pomdetè (c. 1930 yo) ak yon ti depandans, nan kòmansman 20yèm syèk.

Konte Washington

Burton Hall, North Easton – Fini nan ane 1901, bilding sa te bati grasa filantwopi yon rezidan pèmanan Easton Isaac A. Burton pou sèvi kòm yon plas asanble pou rezidan Easton yo e kòm sant gouvènman bouk la.

Konte Wyoming

Barna C. Roup House, Perry – Bati nan 1898, kay modèl Queen Anne te bati pandan peryòd gwo kwasans vilaj la e Barna C. Roup se te pwopriyetè l, yon avoka notab lokal.

###

Wa p jwenn lòt nouvèl nan sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Executive Chamber | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418